


DEMONOLOJI, DOMÈN FIZIK

 Kounye a mwen . . . ? . . . [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Sa se premye fwa m te janm fè l nan nenpòt nan reyinyon m yo depi m te sou teren an. Sa se yon nouvo tan. Frè Baxter ale; epi—epi Frè Bosworth nan Lend, oswa, Lafrik; e Frè Baxter, m pa konn kote l ye. Li te ale yon kote, e rès yo soti e yo pati. E Billy avè m nou isit la poukont nou, kifè nou jis gen yon gran moman: jis leve, touye epi manje. Kifè, nou—nou on jan santi tankou ke petèt nou kapab, avèk èd Seyè a, nou te ka mennen reyinyon an drèt la, nou menm. Se pou rezon sa a mwen kontan wè l pwolonje yon ti kras, pou sèl rezon sa a. Mwen kwè Seyè a pral ede nou fè sa. Kounye a, nou konnen gen . . .

Mwen renmen manadjè m yo. Mwen gen kèk bèl frè, Bosworth, Baxter, Lindsay, Moore, tout, gen senk ladan yo, Baron von Blomberg. Yo se jis mesye trè debyen. Men jis gen yon bagay konsènan, lè ou rasanble yon gwoup mesye ansanm, youn gen yon bagay, youn gen yon lòt. Pafwa sa kontrè a sa m panse pou tèt pa m. Kifè mwen—mwen—mwen santi tankou mwen jis lib kounye a. Nou ka jis pase yon gwo moman, jis woule manch rad nou, epi jis plonje epi manje. Mwen panse sou woule manch rad nou epi pase yon—yon gwo moman.

Premye Bib mwen an se te lanati. Mwen te aprann Bondye atravè lanati. E mwen renmen lapèch. Ala mwen renmen lapèch! E ou renmen lapèch, pitit gason m? Si w renmen lapèch, epi w renmen manman w, ou pral fè yon bon ti gason. E menm konvèsyon m lan pat retire tout sa nan mwen. Alò yon jou mwen te anwo nan mòn yo, plonje nan lapèch mwen. Kounye a, sa se jis pou benefis ti gason sa a. E m t ap fè lapèch anwo la a nan mòn yo . . . Epi pou lòt timoun piti yo, natirèlman, ki chita toupatou. E m t ap peche twit. E, o, se bèl bagay nan prentan an. M ta prale konsa, e te gen yon twit jis nan twou akote a, ou konnen, konsa. E m te jis ap louwe Seyè a epi pase yon gwo moman, m tap rele. Pafwa, m lage liy mwen an. Mwen kwè nan rele. Amèn. Mwen kwè sèten. Paske, mwen konnen yon bagay sezi mwen, e li jis fè yon bagay pou mwen.

² Kifè m te pati on ti kras maten sa, e lè m te retounen, bagay ki pi etranj lan: Gen anpil lous nan rejyon anwo a la, nan New Hampshire. Mwen gen yon ti kan anwo la, kote m fè lapèch. E m te gen yon vye ti tant ki te monte la, yon jan de vye ti tant endividyèl kote m te enstale. E yon lous nwa se bagay ki pi malfezan ki genyen. Alò, yon vye manman lous ak de ti bebe lous te antre la, e ala yo te fè ravaj nan tant mwen an!

³ Kounye a, kisa n panse mwen ta dwe fè lous sa, ti fi dèyè a la ak cheve wouj sa, dèyè la? Mwen ta dwe kouri dèyè l reyèlman,

mwen pa ta dwe?

4 Men men sa l te fè. Li te antre, li te demoli tant mwen an epi li te gaye tout bagay, epi li te manje tout manje pa m mwen te genyen la a, e li te jis ap pase yon bon moman. Kifè lè m vini, li te pati. Epi li te rele ti pitit li yo, epi yon jenn ti lous te kouri avè l. E lòt la pa t vle kouri; li jis chita la. Li te vire do l ban mwen, konsa, e li t ap fè yon bagay. E m pa t gen anyen nan men m ke yon vye ti rach a men. Mwen t ap rache kèk sèr nan viwonn lan laba a. Ebyen, li kouri ale a yon distans apeprè, o, mwen sipoze isit la a poto telefòn sa a laba a, epi li chita. Li te rele vye ti lous sa a, e li pa t bay okenn atansyon a sa. Li te jis kontinye chita la a.

5 M te panse: “Kisa ti kanmarad sa ap fè?” M te mache on tijan pi pwòch. M te pè pwoche twò pre, m te pè pou l pat grife m. Alò—alò mwen—mwen pa t ka wè yon pyebwa, e mwen konnen li te ka grenpe tou. Kifè, e m pa t vle apwoche twò pre l, paske m konn nati lous. Alò, mwen te jis ale yon ti kras pi pre. E ou konn sa k te pase?

6 Kounye a, mwen renmen krèp. Konbyen nan nou ti gason yo ki renmen krèp? O, gason! O, mwen . . . Gason granmoun yo, tou. Mwen te wè yo leve men yo anlè. Nou tout renmen krèp, e mwen jis renmen yo, e mwen renmen vide siwo myèl sou yo. Kòm etan yon Batis, ou konnen, se sa ki kenbe nou dwat, ou konnen, se siwo myèl la, ou konnen. Alò, epi tandè, mwen pa awoze yo, mwen reyèlman batize yo. Mwen vrèman vide l sou li jouk li vrèman bon epi epè. Mwen pa jis awoze yon ti kras isi a epi la a. Mwen vrèman vide l sou yo, fè yo tout ranpli ak siwo myèl.

7 E alò, ou konnen, mwen te gen yon bokit siwo myèl anwo a la, yon bokit ak yon demi galon siwo myèl. E lous yo renmen siwo myèl anpil. Kifè ti kanmarad sa te antre la epi li te rache kouvèti bokit siwo myèl sa, e li te chita la konsa, ak ti bokit siwo myèl sa anba bra l, *konsa*. Li te gen . . . E li pat konn kijan pou l manje l, tankou w t ap fè l, ou konnen, kifè li jis foure ti pat li ladann epi niche l *konsa*, epi niche l. Epi li te vire tounen pou gade m, e vye ti je l yo tout te kole ansanm, ti vant li te jis lis otan li te kapab, ak siwo myèl. Li te jis chita la, ap foure men l epi niche siwo myèl, *konsa*, jis osi rèd ke l te ka niche.

8 O la la, mwen te panse a yon bon reyinyon Sentespri nan tan lontan, lè nou jis louvri bokit la, mete men nou nan bokal la epi niche otan nou kapab. Jis san rete, ou konnen, jis niche otan nou kapab.

9 E ou konnen ki sa k te pi komik ladann, poutan? Apre ke ti zanmi sa te fin jwenn otan ke l te kapab, li te kite bokit la tonbe epi li kouri al laba a. Ou konn sa k te pase? Manman lous la ak lòt ti lous la te pran niche l, konsa yo te retire siwo myèl la.

¹⁰ Alò, ebyen, petèt ke reyinyon nou an pral yon bagay nan lòd sa, mwen espere, konsa nou ka jis kontinye ap di lòt yo, epi glwa Bondye ap tonbe sou nou. Dakò.

¹¹ Mwen kontan wè nou timoun piti yo. Mwen renmen rakonte nou jan de bagay konsa. E petèt demen apre midi, n ap gen plis tan, e—e n ap ka pale yon ti kras plis. Epi nou pral pale ak papa ak manman kounye a sou yon bagay.

¹² Nou pral pale sou *Demonoloji*. Nan Sòm 103:1 a 3, nou li vèsè sa yo. Pifò tout minis ak manm klèje, oswa lektè Bib la, konnen yo pa kè.

Beni *Seyè a*, O nanm mwen: e tout sa ki nan mwen, beni non sen li.

Beni *Seyè a*, O nanm mwen, epi pa bliye tout benefis li yo:

Se Li ki padonnen tout inikite w yo; ki geri tout maladi ou yo;

¹³ Mwen vle w remake la, se te yon “tout.” “Li menm ki padone tout inikite w yo, Ki geri tout maladi w yo.” Kounye a èske nou ka bese tèt nou jis yon moman.

¹⁴ Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, nou di W mèsi apremidi a, paske nou isi a. Nou di W mèsi pou timoun piti sa yo ki chita toutotou, yo se gason pou demen, ak fanm, si gen yon demen, si Jezi pran reta. E kounye a, Papa, nou priye ke—ke Ou va beni nou kounye a pandan n ap pale sou Pawòl Ou kounye a, e konsènan gran lènmi nou genyen an, Satan. Nou priye, Bondye, ke W va kite nou fè yon fwon, yon blòk mekanize isi a, pwisans Bondye a, ki va kenbe tèt avè l aswè a sou chak pous teren li, Seyè, epi montre l ke li pa gen okenn dwa legal ditou, ke Kris te bat li pou nou la sou Kalvè a, lè Li te mouri, e Li te depouye dominasyon yo epi Li te wete nan men Satan tout—tout pouvwa ke l te genyen an. Epi, Bondye, ban nou sajès ak konpreyansyon kounye a, pou konnen epi eksplike moun yo kijan pou yo ka konnen kijan pou yo geri epi pou yo bat Satan. Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

¹⁵ Kounye a pou kèk minit nou pral pale sou *Demonoloji*. Nou tèlman tande pale de demon. Kounye a, demen apremidi nou pral petèt fini. Mwen te vle de jou nan semèn sa, kanmenm, pou preche sou sa, jis . . . oswa de jou pou sèvis apremidi, pou pale sou sa.

¹⁶ Kounye a, premye bagay la, kisa yon demon ye. Ou tande tèlman anpil moun ap pale de demon. Ebyen, kounye a, yon “demon, dyab,” tout soti nan yon sèl mo, e an Angle yo rele l “toumantè.” Yon kanmarad k ap toumante se yon dyab, yon mechan. Li di . . . Kounye a, Bib la jodi a se, pou pifò, pou anpil moun, se kèk vye liv anvan ke granpapa ak grann te li, oswa yon bagay konsa. “Sa pa vo gran choz, se pou vye granmoun yo, e

latriye.” Men se fo. Se pou tout moun. E demon yo se toumantè k ap toumante nou.

¹⁷ Bon, gen demon ki antre nan nanm lòm, e sa se, dapre frazeyoloji a, se t ap—se t ap nan. . . Mwen ta di sa, sepandan, demon ki antre nan nanm lan se yon bagay ki toumante nanm lan.

¹⁸ Anpil fwa ou ka wè yon moun petèt nan foli. Kounye a, yo ka poutan yon moun konvèti, ranpli ak Sentespri, e poutan yo fou totalman. Ou wè? Se vre. Sa pa gen anyen pou l wè ak nanm lan. Se yon toumantè, ou wè, yon bagay k ap toumante yo.

¹⁹ Kounye a, tout maladi, nou dwe dekouvri dabò ke tout maladi soti nan dyab la. Bondye se pa otè maladi. Pa gen okenn maladi ki soti nan Bondye. Bondye pafwa pèmèt Satan mete maladi sou ou, tankou yon fwèt pou mennen w tounen nan kay Bondye a, lè w dezobeyi. Men maladi, depi nan konmansman li, soti nan dyab la. Èske w te ka imajine yon moun ki ta kwè ke Bondye, Papa nou ki nan Syèl la, t ap otè de yon bagay tankou maladi ak lanmò? Ebyen, non, Li pa sa, Li pat janm sa, Li p ap janm sa. Bondye pèmèt lanmò poutèt dezobeyisans. Bondye pèmèt lanmò. Jan yon ekriyen te di: “Tout sa lanmò ka fè, Bondye te tache l nan yon machin e li rale nou nan Prezans Bondye, yon kwayan.” Men mo *lanmò* a vle di “separasyon.”

²⁰ Jezi di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi ki p ap janm fini an.” Epi Li di: “Mwen se rezirèksyon an, Lavi, sila ki kwè nan Mwen, menm si l te mouri, poutan l ap viv, e moun k ap viv, epi ki mete konfyans li nan Mwen, li p ap janm mouri.” E nou pote kadav nou youn lòt sou teren ki pa sen nan tonm nou. “Men li p ap janm mouri.”

²¹ Kounye a si w ap gade lè Li te pale de Laza, Li di: “Laza ap dòmi.”

²² Disip yo, mesye tankou nou, yo te di: “O, si l ap dòmi li pòte l byen.” “Li te vle di pran yon repo,” se sa yo te panse.

²³ Men Li te vini epi Li te pale avèk yo nan lang yo. Li di: “Li mouri, se sa nou kwè. Men,” Li di, “Mwen pral reveye l, reveye l.” Ou wè? Ou wè? Lè w ap. . .

²⁴ *Lanmò* vle di “separe.” Kounye a, si youn nan nou, si youn nan fanmi nou ta mouri, oswa yon bagay, li se, si li konvèti, yo pa mouri. Yo mouri nan yon pwendvi imen. Men yo jis separe de nou, men yo nan Prezans Bondye. Yo pa mouri, e yo pa ka mouri, li enposib pou yo mouri. Jezi di: “Sila ki tande Pawòl Mwen yo epi ki kwè nan Sila ki voye M lan gen Lavi ki p ap janm fini an, epi li p ap vini nan jijman, men li pase de lanmò a Lavi.” Kifè, li pa ka mouri. Nenpòt bagay ki imòtèl, Etènèl, li pa ka peri. Li se Lavi ki p ap janm peri. Li genyen L paske Bondye ba li Li. E pa—pa sou baz merit; se avèk. . . Li san kondisyon. Bondye ba li Li.

²⁵ Bondye rele. Okenn moun pa ka vin jwenn Bondye sòf si Bondye te rele l. Jezi di: “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen si Papa M pa rele l, atire l.” Se vre? Kifè se Bondye nan tout bagay. Petèt demen apremidi nou pral pale yon ti kras plis sou sa, paske m vle pote bagay *maladi* sa a, ba ou, konsa ou va wè sa.

²⁶ Te gen yon tan kote nou te pran fòm yon jèm nan gran granpapa nou. Nou konn sa. Doktè konnen sa. Ebyen, nou menm, tou, noumenm k ap li Bib la. Ou konnen jèm lavi a te kòmanse nan gran granpapa w, pou vin yon jèm, epi ou soti atravè granpapa w, apre sa nan papa w, answit al jwenn manman w epi kote w ye kounye a. Se vre. Lekriti menm anseye sa. Men Ekriti a pou ou si ou vle. Mwen kwè Li te di ke Levi te peye dim lè li te nan ren Abraham, ki te gran granpapa l. Se vre? Alò, ou wè, jèm lan te pran fòm deja la a.

²⁷ Men nanm nou te fèt anvan fondasyon mond lan, lè Bondye te kreye lòm dapre Pwòp imaj pa L; lespri lòm; pa *yon* nonm dapre Pwòp imaj pa L, men *lòm* dapre Pwòp imaj pa L. Ou wè? Epi Li te fè yo mal ak femèl, anvan Li te menm fè yon nonm ak pousyè tè a. M swete nou te gen yon chans apremidi a, pou nou pran tan nou epi retounen nan sa. Jis gade kijan Bondye. . . Bon, li nan mitan liy lan, men, lè ou wè, li vin koresponn ak liy lan. Ou wè? Kijan ke Bondye, depi nan kòmansman an, sa Li te fè laba a, e kijan Li te deplase desann sou tè a e kijan Li te fè lòm dapre imaj Li; epi Bondye te vire tounen e Li te kreye dapre imaj lòm, pou rachte lòm.

²⁸ Kounye a, lè Bondye te fè lòm dapre imaj Li, li te yon nonm espiritiyèl. Epi pat gen okenn moun pou travay tè a. Alò Li te kreye lòm ak pousyè tè a. Bon, kwonolojis yo, e latriye, ak moun sa yo k ap fouye epi ki pran vye zo yo, e latriye, epi ki kwè nan evolisyon. . . Mwen kwè nan bon kalite evolisyon an. Lòm ap evolue apati de tèt li, men tout pa evolue apati de yon sèl selil. Non, mesye, paske yon—yon zwazo te yon zwazo depi lè Bondye te fè l yon zwazo, epi yon makak te yon makak, yon nonm te yon nonm. Se vre.

²⁹ Bon, mwen t ap pale ak yon doktè isi a sa fè yon ti tan, nan Louisville. Li di: “Ebyen, Reveran Branham!” Mwen t ap pale de kijan natif natal Lafrik yo, kijan yo manje, yo jis prale. . . O, kèk nan bagay ki pi terib ou te janm wè, kijan yo t ap manje! Li jis ranmase bagay ki kontamine, ak vè ladan l, jis souke yo, vè a ak tout bagay. Sa pa fè okenn diferans pou li. Ou wè? Yo te di. . . Bwè nenpòt bagay, sa pa fè okenn diferans sa l ye a. Li di: “Men, Reveran Branham, moun sa yo pa imen.”

Mwen di: “O, wi, se sa yo ye. Se sèten yo se imen.”

³⁰ Mwen di: “Bagay ki pi pre yon èt imen, nan liy animal la, se yon chenpanze. E ou te eseye pandan kat mil an pou fè yon sèl bougonnen soti nan chenpanze sa, e li pa ka fè l.” Mwen di: “paske li pa ka panse. Li pa gen anyen pou panse avè l.” O, ou ka

aprann li ti bagay tankou jan yo fè pou yon chwal, gee ak haw, oswa mete linèt, oswa finen yon siga, oswa kenbe ekilib li sou yon bisiklèt, monte yon chwal, oswa yon bagay konsa, men jis tankou “gee” ak “haw” pou yon chwal, oswa “wheet” pou yon chen, oswa yon bagay konsa. Mwen di: “Li se yon animal.”

³¹ “Men kite m ale byen fon an Afrik, nan tribi ki pi sovaj yo genyen an, e sa se ti tribi bochiman yo.” Epi m te di: “Petèt gran-gran-gran-gran-gran-papa l pa t janm wè yon nonm blan ni anyen. Sèl bagay ke l konnen, li pa menm konnen kilès ki men dwat ak men gòch. Sèl bagay li konnen se manje, e li manje sa l ka mete men sou li, si se chè imen, nenpòt lòt bagay, pa fè okenn diferans pou li, jis konsa li manje. Men kite m pran li a senkan, e a kenzan li va pale bon angle epi gen yon bon enstrikyon. Poukisa? Li gen yon nanm. Bondye te fè l yon èt imen, e li gen jis otan dwa pou tande Levanjil la, omwen yon fwa, jan nou genyen pou n preche toupatou isi a, nan tout Amerik la, bay moun yo, ankò e ankò e ankò, epi sipliye, ensiste ak tout bagay. Kite l tande l yon fwa, epi gade l k ap rele epi kouri al devan lotèl la byen vit.” Ou wè? Wi, mesye!

³² Se sa m gen nan kè m, frè, jodi a, lè m panse a Lafrik, e pòv ti men nwa sa yo k ap leve, k ap di: “Frè Branham, yon fwa ankò pale nou de Jezi!” O, mizerikòd! Gen yon bagay nan mwen k ap tresayi epi k ap boule. Jis osito ke mwen jwenn ase lajan, mwen pral laba a, tou. Se sa m fè ak chak santim mwen genyen, tout bagay, Bondye konnen, san konte jis sa m ka manje. E pifò moun ban m rad. E jis sa m apèn ka viv avè l, mwenmenm, jis otan ke m kapab, mwen mete l drèt nan yon fon misyonè ke gouvènman an te ranje. Mwen pa menm peye taks sou revni sou li. Osito ke mwen ranmase twa oswa kat, senk mil dola, epi m ap travèse laba a epi preche Levanjil la bay moun yo ke mwen konnen nan jou sa mwen pral gen pou reponn. E m va konnen pou sa m ap reponn lan.

³³ M te konn abitye fè sa, lè m t al nan yon vil, m te konn òganize yon gwo reyinyon epòk moun yo te gen anpil lajan, epi yo te konn fè gwo kanpay epi plizyè milye dola, mwen te bay Lakwa Wouj li e latriye. Bon, kounye a, se pa pou kritike yo, men yo tap desann lari a nan yon machin kat mil dola, ak gwo bouton kòl an dyaman sou li, ap finen yon siga, ak senksan dola pa semèn avèk lajan ke moun malad- . . . Non, mesye! Non, tout bon! Epi anplis, e osito ke w te soti nan vil la, yo te trete w, “ekzalte,” ak tout bagay konsa, epi yo te konn pran plezi, epi denigre relijyon ke n ap defann lan. Non, mesye!

³⁴ Mwen pran li poukont mwen, e devan Bondye kòm Jij mwen, mwen mete l nan travay Levanjil la laba a, kifè mwen konnen ke nan Jou sa a ke mwen pral . . . lè m pral gen pou m rann kont pou jerans mwen, li bay kòrèkteman. Se egzaktteman sa, paske m realize jan mwen trete moun yo se konsa m trete Bondye. Jis

atitid mwen anvè ou se atitid mwen anvè Kris. E atitid ou anvè mwen se menm bagay la, se vre, anvè Kris.

³⁵ Kounye a, pou wè yon pèp konsa, epi wè kouman ke yon èt imen, alò, ak yon nanm imòtèl kounye a, ki pa ka mouri, ki pa ka peri, ki pa ka fè anyen ke gen Lavi ki p ap janm fini an, ke Bondye an souvren, nan Pwòp volonte L, te ba ou li. E kounye a, alò, kounye a mwen . . .

³⁶ Kite m korije sa jis yon ti kras, oswa di yon bagay. Yon moun pral pati pou di: “Frè Branham se yon Kalvinis.” Non, mwen pa sa. Mwen se yon Kalvinis toutotan ke Kalvinis nan Bib la. Men lè Kalvinis soti nan Bib la, alò mwen se yon Amenyen, ou wè. Mwen kwè nan Sentete e mwen kwè nan Kalvinis, tou. Men, toulède, youn te pran yon branch lateral epi l te pati nan direksyon *sa*, e lòt la te pran yon branch lateral epi l te pati nan direksyon *sila*. Si se pat pou Liv Efezyen yo, pou mennen l tounen epi mete l nan bon plas kote Bondye te fè a, nou tout t ap tou melanje. Men yo toulède gen yon doktrin, men yo pa ale pi lwen ke li, yo chak, sa se Sentete a ak Kalvinis yo, tou, Amenyen an. Bon, Kalvinis yo gen yon bagay vre. Mwen kwè ke—ke doktrin Kalvinis la . . .

³⁷ Mwen kwè sa. Nan sekirite, mwen kwè Legliz la gen sekirite Etènèl. Nenpòt moun k ap li Bib la konnen sa, paske Bondye te deja di Li t ap parèt laba a san defo. Se vre? Alò, Li pral la. Èske se vre? Bi- . . . Legliz la an sekirite Etènèlman. Kounye a, èske nou nan Legliz la, se pwochen bagay la. Si w nan Legliz la, se kòrèk, ou an sekirite ak Legliz la, men ou ta fè pi byen pou rete nan Legliz la. E kijan w antre nan Legliz la? Nan bay lanmen? Non. Nan mete non w nan liv la? Non, mesye. “Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò.” E Kò sa, ke Bondye te jije sou Kalvè a, se te Kò Jezikri, e nou batize nan Kò sa pa yon sèl Lespri. Nou gen sekirite Etènèl toutotan nou nan Kò Kris la, anyen pa ka separe nou, anyen pa ka touche nou. Si w soti, ou soti pa pwòp volonte w. Men jis osi sèten, si w nan Kò Kris la, osi sèten ke Jezi te resisite soti nan lanmò, ou va resisite tou. Bondye deja fè sa. Li . . .

³⁸ Ou pa ka peche. O, ou fè . . . Mwen ta ka yon pechè devan je w, men si m nan Kris, Bondye pa wè sa, paske peche l yo ekspye . . . San Li ekspye peche m yo laba a. Ou wè? Mwen pa ka peche. “Sila ki ne de Bondye pa komèt peche, paske li pa ka peche. Semans Bondye a demere nan li.” Ou wè? Li, li vle, si li fè yon erè, sèten, li vle menm lè a konfese sa. Si l se yon vrè Kreyen, l ap fè l. Si l kenbe l, li montre li pa gen anyen, an premye. Se vre. Li pa gen anyen, pou kòmanse. Men si li se yon vrè Kreyen . . .

³⁹ Isi a menm, plante yon grenn ble nan tè a, l ap toujou yon grenn ble. Chadwon ka toutotou li, ak tout lòt bagay, men li va yon grenn ble toutotan ke l kanpe. Se vre? E si yon nonm vrèman ne ak Lespri Bondye, li pa nan lanvè epi landwat, epi anndan epi deyò, epi deyò laba a nan mond lan epi isi a. Non, mesye. Non,

non. Ou pa yon chadwon yon jou epi yon grenn ble jou apre a. Bondye pa genyen sa nan chan an. Wi, mesye. Si w ne ak Lespri Bondye a, ou se yon Kreyen depi tan sa jouk . . . jouk ou ale, epi alò ou—ou imòtèl, avèk Bondye. Se vre, si w nan Legliz la.

⁴⁰ Bon, kounye a ann pale de lanmò a. Kounye a, ki jan yon moun te ka nan kondisyon sa a, nan jan de kondisyon sa, janm vin malad? Paske kò w poko rachte. Kò w pa rachte. Kèlkeswa kantite, kijan ou bon, e kijan ou sanktifye, e kijan sen, e kantite Sentespri, sa se sèlman nanm ou. E nanm ou poko fini. Li jis resevwa Benediksyon an, pwomès Bondye a, ki se garanti sali nou an. Men kounye a si nou pa gen okenn garanti pou rezirèksyon nou, okenn gerizon Divin, alò mwen p ap gen okenn asirans oswa anyen pou pwouve m ke gen yon rezirèksyon.

⁴¹ Jis tankou si Kris pa viv nan kè m, si m dwe aksepte l sou baz yon—yon bagay sikolojik laba a, ke m dwe kwè yon kote konsa, ebyen, alò mwen—mwen—mwen t ap enpe ensèten sou sa. E se pou rezon sa a ke, sa laba yo an Afrik, lè yo te vini, misyonè yo te prezante la a, yo te fè antre plizyè milye nan natif natal sa yo, alòs ke yo t ap pote vye ti zidòl labou ak tout lòt bagay, se paske tout sa yo te tandè se te jis kote sichik Bib la. Se vre. E nan pwòp legliz pa m gen Batis, Metodis, Presbiteryen, gen tout kalite ki te antre la. Men lè yo te wè pwisans Bondye ki te vini an demonstrasyon, sa te regle l, lè sa yo te konnen ke Bondye se te Bondye.

⁴² Men, kounye a, kisa k kòmanse maladi sa a? Kounye a, premye bagay la, se yon espri anvan li vin yon maladi, jis menm jan ke ou te yon espri anvan ou vin yon èt imen. Kounye a m pral pran Frè Willett isi a kòm yon egzanp. Frè Willett, mwen . . . Te gen yon tan kote oumenm avè m pa t anyen. Epi premye bagay la, Bondye te ban nou yon vi. E annou pran, di, si m pran kò w apremidi a, ou fòme ak yon pakèt selil, ki kenbe ansanm ak atòm. Epi kounye a, yon jou atòm sa yo pral detwi, si Jezi pran reta. Ou pral retounen. Yo pral jis tankou yo te ye nan kòmansman an, retounen nan lè a. Men lè lespri w retounen, atòm sa yo pral rasanble ansanm ankò ak lespri sa a epi pote yon lòt Frè Willett jis tankou sa a, sèlman pi jenn, lè l te nan pi bon fòm li.

⁴³ Lè yon nonm depase laj apeprè vennsenkan, li jwenn kèk rid anba je l, ak kèk cheve gri k ap antre. Se sa l pral ye, paske lanmò vin deyè w. Epi youn nan jou sa yo l ap pote w ale. Pe enpòt kimoun ou ye, l ap pote w ale. Men piti piti li . . . Ou va jwenn ou nan yon kwen isi a, e Bondye va fè w soti nan kwen sa, epi ou va jwenn ou ankò nan kwen sa *isi a*, lanmò ap prèske genyen w, epi pa bò isi a, men apre yon ti tan l ap pote w ale. Men alò, sa lanmò ka fè, li fè kont rava j li, epi apre sa nan . . . lè li fin fè tout sa li ka fè . . . Lè Bondye te ba ou lavi sa, e ke ou te nan pi bon fòm ou, nan venntwa yo, lè w vini nan rezirèksyon an ou va tounen jis egzaktaman jan w te ye a lè w te gen venntwazan, vennsenkan,

anvan lanmò tabli tèt li. Lanmò va fè tout sa l ka fè. Li va tabli tèt li la, men w ap retounen drèt jan w te ye a.

⁴⁴ Kounye a, si chak grenn selil ou—ou ki nan kò w, annou etidye l kounye a, ou fòme selil apre selil, selil apre selil, e si yo ta dekonpoze l isi a sou lestrad la, chak selil nan kò w, ou t ap vin redui a yon ti jèm toupiti kote w te kòmanse a, yo pa ka wè w ak je natirèl la. Ou dwe gade anba linèt gwo dimansyon. Mwen te wè jèm lavi a anba yon mikwoskòp. Li sanble ak yon ti zwit moso fil. E premye bagay la ki kòmanse a se zo rèldo a drèt, se tankou yon ti ne. Sa se premye ti selil ki akimile sou tèt yon selil.

⁴⁵ Kounye a, si m te dwe pran grenn ti selil sa a ke chak nan nou soti ladann lan, yon sèl ti selil toupiti, yon jèm . . . Kisa yon jèm ye? Yon jèm se yon bagay toupiti, selil ki pi piti a. Ebyen, kisa k vin apre sa? Bon, mwen te analize chak pati nan ou, desann rive nan grenn ti selil sa a, e mwen poko jwenn ou. Mwen jis blayi selil ou yo la a. Ebyen, alò, pwochen bagay la, selil san yo, ak selil lachè yo, e kèlkeswa sa yo ye a, mwen blayi yo tout la a, men mwen poko genyen w. Kounye a, mwen rive nan yon sèl jèm kounye a. Ebyen, m pral analize ti selil sa apa. Kounye a, ki kote w ye? Lavi w. E lavi a fè premye selil la, ki se yon jèm, apre sa tout bagay selon nati li; chen selon espès li, zwazo selon espès li, lòm selon espès li. Selil yo devlope, selil sou selil, selil sou selil, rive jouk sa w ye a, yon èt imen, ak selil ki devlope yo. Bon, se Bondye ki te òdone pou sa fèt konsa.

⁴⁶ Men, kounye a, e yon kansè? Ann pale de li yon ti kras. Bon, Bondye te ba w lavi w. E ann di, men ou jodi a, men mwen, gen—pa gen anyen nan men m, men ta ka gen yon kansè nan men m yon fwa. Ebyen, kijan kansè sa te fè rive la? Annou wè kisa kansè sa ye, kounye a ann analize l, ann al pran l. Bon, li se yon pakèt selil, tou. Èske w te konnen sa? Timè, katarak, nenpòt nan bagay sa yo se selil. Yo pa gen okenn fòm. Kèk nan yo gaye, e kèk sanble tankou yon arenyen, e kèk sanble . . . fè tras, yon kansè wouj, jis sanble tankou fil wouj long ki pase atravè . . . Epi gen yon kansè woz ki dabitid vini sou tete yon fanm, se tankou krèp ki poze youn sou lòt, epi apre sa yo pran pwopaje. Epi yo jis devlope nenpòt kote.

⁴⁷ Pafwa timè yo panche sou on bò, fason *sa a*, long, alonje, ak tout bagay. Yo pa gen okenn fòm, paske yo soti nan yon lespri ki pa gen fòm. Men se selil ki devlope. Se yon pakèt selil ke, annou di, nan ou kounye a ta gen yon timè oswa yon kansè, se selil k ap devlope, k ap elaji, elaji, elaji. L ap devore w, souse lavi w nan men w. L ap viv ak san w. Katarak pran likid glè ki nan je a epi li grandi drèt sou li, kouvri li nèt, fèmen je w. Kèk nan yo vini e yo pa janm vin . . . tankou tibèkiloz, ki vini jis nan yon ti jèm tou piti. Pa gen anyen pou wè ak gwochè l. Menm gwochè jèm lan ki fòme yon elefan, fòme yon—yon chik. Ou wè? Pa gen anyen pou wè ak gwochè jèm lan.

48 E kèk nan yo pran yon fòm nan kò a, kèk p ap janm pran fòm. E kèk p ap janm antre nan selil yo. Kèk vin lespri, pou toumanan nanm lan. Nou pral eseye jwenn pati sa, m ap kite pati sa pou demen apremidi, si m kapab, kote espri nanm sa soti, e kijan li enfiltre *isi a*.

49 E bon, zanmi, mwen p ap di sa apati de kèk jan de sikoloji. Mwen te an kontak ak demon pandan plizyè lane, e nou konn sa. Si w te sèlman konnen bagay la, apre sèvis yo fini nan nwit, kisa k ap pase pafwa. Ou pa konnen. Sonje, lè w vin kont yon espri, li ta miyò pou w konn de kisa w ap pale. Jis pa kanpe la epi kontinye, paske li pa pral fè okenn byen. Men lè an reyalyite yon demon dwe obeyi w, li va rekonèt li. Se pa jan w rele fò, se pa kantite lwil ou vide. Se sa ki dèyè isi a ke l va rekonèt, Laverite. Jezi jis di l: “Soti.”

50 Sonje, disip yo te fè anpil tapaj epi lite, epi eseye chase l, ak tout bagay. Yo di: “Poukisa nou pat ka chase l?”

Li di: “Poutèt, enkredilite nou.”

51 Li di: “Soti nan li.” Ti gason an te tonbe epi li te gen kriz ki pi di li te janm genyen. Ou wè? Ou wè? Yo rekonèt otorite a.

52 Gade ti gason sa yo laba a, vagabon sa yo ki te wè Pòl chase demon yo. Yo te di: “Nou ka fè menm bagay la,” pitit youn nan sakrifikatè yo. Alò yo desann pou yo di: “Nou ka chase demon yo.” Ak 19. Yo te desann al jwenn yon nonm ki te gen kriz malkadi, epi yo di: “Nou kòmande w, pa Jezi. Soti nan li. . .” Demon an di: “Bon. . .” “. . .nan Non Jezi, Sila ke Pòl preche a!”

53 Demon an di: “Bon, mwen konnen Jezi e mwen konnen Pòl, men kilès ou ye?” Nou konn sa k te pase. Yo te sote sou mesye a, yo te chire rad yo, epi yo te gen kriz yo yomenm, epi yo te kouri soti nan lari a.

54 Menm demon sa yo ap viv jodi a, kifè gen anpil konpòtman fanatik. Sa se legliz la, aswè a. Gen anpil konpòtman fanatik nan peyi a jodi a, ke yo rele gerizon Divin, ke yo ta dwe fè fèmen bouch yo. Se sa ki pote repwòch sou vrè Kòz la. Se poutèt sa nou gen gwo difikilte konsa. Gen yon pakèt bagay ki rele relijyon, jodi a, ke yo ta dwe fè fèmen bouch yo. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Se pa anyen lòt ke sèkt! Se sa ki fè vrè Legliz Bondye a gen gwo difikilte konsa. Men nou se Lamerik, ou wè, se konsa sa dwe pase. Bondye di ke ble a ak lyann yo ak raje yo te pral pouse ansanm. Pa eseye rache yo. Kite yo grandi ansanm, men pa fwi yo ou konnen yo. Pa gen okenn fwi, enben, pa gen okenn Lavi, pa gen anyen la.

55 Kounye a, gade selil sa a. Ann di, pa egzanp, tankou anpil fwa, kansè wouj la dabitid frape nan matris yon fanm, nan ematòm fi a e latriye. Kounye a, annou analize sa, kanmarad sa kounye a, nan selil li, kansè sa—sa. Kounye a yon kansè. . .

56 Tout bagay nan natirèl la tipifye espiyèl la. Èske w okouran de sa? Tout bagay nan natirèl la tipifye espiyèl la, kèlkeswa.

57 Pa egzanp, konsa, lè—lè nou fèt nan Kò Kris la, gen twa eleman sa pran pou mennen Nesans nou an. E sa se twa eleman ki te soti nan lavi Kris lè Li te mouri. Sa ki soti nan kò Li, se dlo, San, Lespri. Èske se vre? Twa eleman, se eleman nou pase ladan yo lè nou ne de nouvo: jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Kounye a, tout sa ka fèt nan yon sèl zak. Men sa pran. . . Men ou ka nan yon eta jistifye san w pa sanktifye. Ou ka kwè nan Seyè Jezikri epi w toujou pote salte w avèk ou. Men ou ka absoliman viv nan yon vi ki alafwa jistifye epi pwòp sen, epi san Sentespri a. Ou wè, Bib la, Premye Jan 5:7, di: “Gen twa ki rann temwayaj nan Syèl la, Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, e. . . Papa a, Pawòl la, ak Sentespri a,” ki te Pitit la, “e twa sa yo se youn. E gen twa ki rann temwayaj sou tè a, dlo a, San an, ak Lespri a, e yo dakò nan yon sèl.” Yo pa yon sèl, men yo dakò nan yon sèl. Ou pa ka gen Papa a san w pa gen Pitit la; ou pa ka gen Pitit la san w pa gen Sentespri a, paske yo enseparab, youn. Trinite a se nan yon sèl.

58 Mwen pa tande yo pale de sa bò isi a, men nou tande pale de sa anpil atravè peyi a, nan youn nan pi gran bagay nan gwoup Pannkotis yo, se youn nan pwèn ki pote plis konfizyon bagay senp sa. E m te reyini chèf yo drèt ansanm epi pwouve yo ke yo toulède kwè menm bagay la. Se dyab la ki mete l nan mitan yo, se tou. Si gran legliz Pannkotis sa ta i- . . . jete vye ti tradisyon sa yo epi ini tèt yo ansanm nan yon sèl Legliz Bondye beni, Anlèyman an t ap vini. Men toutotan Satan ka kenbe yo separe, se kòrèk. Se fason pa l pou fè l. E yo kwè absoliman menm bagay la.

Youn di: “Ebyen, *sesi* se Sela.”

59 Mwen di: “Ebyen, si *sesi* se Sela, alò Sela se *sesi*.” Alò men ni. Kifè, tout se menm bagay la. Men, men kisa l ye nan trinite Bondye an twa a. Kounye a, kounye a, Bondye nan inite Li. Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a. Kounye a, nou pa di “dye nou yo,” tankou payen yo. Se “Bondye nou an.” Ou wè? Se Èt Bondye a an trip.

60 Kounye a remake, bon, Satan nan yon trinite tou. E pouvwa l yo nan yon trinite.

61 Kounye a, men remake donk alòske dlo a, San an ak Lespri a pwodui nouvo Nesans lan. Èske se vre? Kounye a gade. Se sa ki reprezante nouvo Nesans lan. Kisa ki reprezante nesans natirèl la anvan nouvo Nesans lan vini? Lè. . . Nou menm manman yo, lè yon bebe fèt, kisa premye bagay la ye? Dlo. Apre sa, san. Apre sa, ou wè, sa ki fè lavi a, ou wè, sa ki fè moun lan. Dlo a, san an, lespri a.

62 Kounye a, yon kansè, ann pale de li pou pwochen nou an, nou gen apeprè senk minit ki rete, mwen sipoze, apeprè senk

pwochen minit yo, ann pale sou kansè. Kisa kanmarad sa ye? Kisa l reprezante? Li se youn ki manje chawony. Li reprezante votou a, li manje bagay mouri. E yon kansè soti nan yon ematòm, sitou, kote yon selil te frape epi li—li brize. Epi gen yon ti selil anndan la ki retwograde. O, sa se yon gwo mo pou yon Batis, èske se pa vre? Dakò, men li retwograde, selil sa a. Mwen se yon Batis ki kwè nan retwograde.

⁶³ Yon moun te di, isi a nan yon reyinyon ann Arkansas lòt jou a, li di: “Frè Branham,” li di. . . Se te yon kanmarad Nazareyen. Li te geri. Li te gen pa l. . . Li tap mache drèt nan vil la, ak beki li yo sou zepòl li. Li di: “Ou konn kisa?” Li di: “Lè m te fèk vini isi a,” li di, “mwen—mwen te panse ou. . . mwen te tande w preche, mwen te panse ou te yon Nazareyen.” Li di: “Alò mwen te wè pifò moun yo se Pannkotis, e yon moun te di m ou te Pannkotis. E kounye a ou di ou se yon Batis.” Li di: “M pa konprann sa.”

⁶⁴ Mwen di: “O, sa fasil.” Mwen di: “Mwen se yon Batis Nazareyen Pannkotis.” Kifè se—se vre. Dakò. Non, nou se youn nan Kris Jezi, pa Sentespri a ki fè nou youn. Se vre.

⁶⁵ Kounye a, remake, ti selil sa a retwograde lè li brize. Sa kòmanse piti. Lòt ti jèm yo kouri vin la touswit pou bay vi yo. E se sa ki fè pi vini nan yon maleng. Sa se ti sòlda piti k ap goumen pou lavi w. Yo kouri la byen vit epi—epi yo atake pwazon sa, pwisans demon sa yo k ap eseye—ap eseye rasanble la, epi yo bay lavi yo. Se sa ki fè. . . Se. . . Yo se yon bann ti sòlda ki mouri, pi sa ki nan san w. . . ki nan yon—nan yon maleng, ki bay lavi yo pou sove pa w.

⁶⁶ Kounye a, yon fwa ke yon ti selil rejte anndan la epi demon sa tonbe atake, li kòmanse grandi, li kòmanse multipliyè selil yo. L ap bati yon kò jis egzaktaman tankou tibebe w yo kòmanse nan matris ou, e tankou w te fè nan manman w. Selil sou selil, selil sou selil, selil, nenpòt fason, nenpòt kote; jis, yo pa gen okenn fòm presi tankou yon èt imen, dapre nati li. Li jis soti nan yon espri. Li jis grandi nenpòt fason, epi li pral kòmanse selil sou selil, selil sou selil.

⁶⁷ E kounye a, premye bagay ou konnen, ou pral kòmanse vin fèb epi santi w malad. Ou al kay doktè epi l ap egzamine w. Petèt li pa ka jwenn li. Si l jwenn li, petèt li va koupe l. Si l ka koupe l nèt, se kòrèk, li genyen l. Men si li pa ka koupe l nèt, alò si li nan gòj la oswa yon plas kote yo pa ka koupe l nèt, yon tikras ladan l va jis kontinye viv. Ou wè, paske se pa, tankou ou ta koupe men w epi sa regle pwoblèm lan, oswa nenpòt bagay, oswa ou koupe. . . Sa m vle di a, si w ta koupe pati prensipal kò a, epi w kite men w la, franchman, li pa t ap viv. Men—men, ou wè, sa pa gen fòm lavi tankou w genyen an. Se yon pwisans demon an mouvman.

⁶⁸ Epi kounye a remake, nou rele yo, doktè a rele l, yon “kansè.” Bondye rele l yon “demon.” Gade jodi a. Yo jis ba li. . . Ki kote mo *kansè* a te soti? Li soti nan. . . nan yon mo Latèn ke yo itilize

nan tèm medikal, ki vle di yon “krab,” yon krab ke nou wè bò lanmè a, gen tout pat sa yo. Se fason sa a ke—ke li fè, li layite kò l, li pwopaje kò l. Mo pou *kansè* se “krab.” Epi li enfiltre epi li jis kontinye ap vale teren epi l ap souse san w pandan l ap fè chimen l, tankou yon pyèw oswa yon bagay konsa. Enben, yon timè, katarak, ak lòt maladi, yo chak soti nan yon jèm, e jèm sa dwe yon kò. E anvan li ka yon kò, li dwe yon vi. Anvan li ka kreye oswa—oswa jèmnen epi fè plis selil, li dwe yon vi. Sa kòrèk? Kounye a, ki kote kansè sa te soti? Ki moun, ki kote sa te soti? Sa pa t sou ou isi a kèk tan de sa, men kounye a petèt li sou ou. Ki kote sa te soti? Se yon lòt vi ki diferan ak vi pa w, k ap viv nan ou. E se yon toumantè, l ap detwi lavi w. Se pou rezon sa Jezi te rele l “yon demon.”

⁶⁹ Yo rele epilepsi jodi a, yo di, “epilepsi.” Enben, epilepsi, nan Bib la, Jezi te rele l “yon demon.” Lè mesye a vini ak ti gason an ki te tonbe atè a, epi ki te kimen nan bouch la, ak tout bagay, li di: “Li gen yon demon, e souvan li jete l nan dife a, nan dlo a.”

⁷⁰ Kounye a yo te ba li yon non rafine epi yo te rele l epilepsi, men li se yon demon. Epi Jezi di: “Ou menm demon, soti nan timoun lan!” Egzakteman. Bon, anjeneral epilepsi koze apati de yon pwoblèm ren. Petèt nou va antre nan sa yon ti kras pita. Ou wè? Li lakòz yon epilepsi, ki soti nan iremi.

⁷¹ Kounye a, remake sa, alò selil sa a chita la, se yon demon. L ap bati yon vi; l ap grandi, l ap vin pi gran e pi gran. Li gen yon sèl devwa pou l fè, se, pran lavi w. Se pou sa dyab la te voye l, pou diminye jou nou yo a swasandizan.

⁷² Kounye a, mwen salye chak doktè. Wi, mesye. Chak sa yo ki nan lamedsin, ke Bondye beni yo pou èd ke yo bay moun yo. Se reyèlman jis. Kisa w t ap fè nan mond lan jodi a san li? Mwen di Bondye mèsè pou lamedsin. Mwen di Bondye mèsè pou otomobil mwen an. Si Bondye pa t pèmèt lasyans fè yon otomobil pou mwen, m t ap gen yon moman difisil pou mache jouk isit la. Pou limyè elektrik, ak pou savon pou lave men m, ak pat dan pou frote dan m, sètènman. Mwen remèsye Li pou tout bagay, paske tout bon bagay soti nan Bondye.

⁷³ Men kite m di w, pa gen yon tikras medikaman ki te janm geri okenn maladi. E pa gen yon sèl doktè, sòf si li se kèk chalatan, men yon vrè doktè ap di w ke yo pa pretann ke yo se gerisè. La menm kay Frè Mayo yo, anpil nan nou . . . Yo te entèvyouve m la, de oswa twa fwa. Osijè pasyan yo ki te soti la, ki pa ka geri . . . Ou li *Reader's Digest* la, nimewo novanm lan? Konbyen moun ki li nimewo novanm lan, atik ki sou mwen la, nan *Reader's Digest*? Ou wè? Epi yo te fè m vini la, pou yon entèvyou osijè de ti bebe yo te abandone a. Li di: “Sa pa t ap ka fèt.” Men Sentespri a te pale avè m epi te di m kijan sa ta pral fèt, e sa te fèt. Trè byen. Bon, yo te rele m vini laba a. Epi jis anlè pòt la kote Jimmy avèk lòt Mayo yo, te konn abitye ye la a, te gen yon gwo gwo afich ki

te di: “Nou pa deklare nou se gerisè. Nou sèlman deklare n ap ede lanati. Gen yon sèl Gerisè, sa se Bondye.” Yo se pi bon an nan mond lan. Bon, nou gen kèk chalatan, wi. Se vre. Nou gen kèk predikatè chalatan, tou. Trè byen. Alò, sa mache sou toulède kote yo.

⁷⁴ Remake, men nenpòt moun ki pretann ke li se yon gerisè, li se yon moun k ap rakonte istwa, paske li pa ka fè l. Paske Bib la di: “Mwen se Seyè a Ki padonnen tout peche w yo epi geri tout maladi w yo.”

⁷⁵ Mwen te ale nan kèk biwo travay. Epi nan biwo mwen, . . . kèk nan pi bon doktè ki sot nan diferan peyi vini. Ou pa konn fas kache lavi a, zanmi, pou konnen sa k te pase, ak bagay mwen pa di an piblik. Mesye yo vini an kachèt. E piga nou panse pa gen anpil Nikodèm ankò nan mond lan; se sèten, plizyè milye nan yo. Yo gade sa epi yo vini nan reyinyon an. Yo chita la ak yon mayo sou yo, yon lòt bagay konsa, ak non poli ke ou ta sezi, yo chita drèt nan reyinyon an. Nan kèk jou apre yo glise vin la a epi yo rele w an kachèt, epi voye yon moun pou mande yon entèvyou. Epi di touswit, di: “Frè Branham, mwen kwè ke Sa se Laverite.” Yo se imen jis menm jan ak nou. Sèten. E chak moun ta renmen gade lòt bò kote vwal nwa sa a laba a ke li dwe travèse yon jou.

⁷⁶ Men kansè sa yo ak bagay sa yo se absoliman demon ki fòme nan yon kò lachè, k ap fè chimen yo, yo pran lavi w.

⁷⁷ Kounye a, si m ta fè tankou doktè a, si m te ka koupe l, poze l atè a . . . Oswa, jis tankou, ann di, pa egzanzp, ou te yon kansè, oumenm, sou tè sa a. Bon, men gerizon Divin. Si m te vle debarase m de ou nan fason yon doktè ta fè l, m t ap jis kontinye . . . oblije fwote kò w, oswa yon bagay konsa, jouk li jis disparèt nèt sou tè a. Pa t ap rete anyen ladan l ankò, jis tankou lè doktè a retire timè a nan ou. Men nan kad gerizon Divin lan, si w te yon kansè, m t ap jis òdone lavi w soti nan ou, epi ou t ap kontinye konsa. Lavi w t ap kite w, men kò w t ap isi a jis menm jan li te ye a.

⁷⁸ Kounye a, men kote wè epi tan an se pi move lènmi Bondye nan gerizon Divin. Mwen pa konnen si Frè Baxter janm pale de bagay sa yo nan reyinyon an. Mwen chita, m te eksplike l sa ak Frè Bosworth, ankò e ankò. Men men sa k te pase. Mwen doute si gen anpil nan moun yo ki konprann li, paske, apre yon ti tan, ou kòmanse wè moun yo k ap retounen, k ap di: “Mwen te jwenn gerizon m, Frè Branham, pandan de ou twa jou, men, se pou Bondye beni, li—li kite m.” E mwen konstate, e m panse se paske yo pa òganize reyinyon an byen. Moun yo pa konprann. Mwen te wè kèk mesye monte sou lestrad la epi yo avèg totalman, kansè, oswa katarak sou je yo, epi yo li Bib sa apre yo te fin priye pou yo, yo repati; twa oswa kat jou apre yo jis avèg menm jan yo te ye anvan an. Kisa k te pase? Nenpòt moun konnen ke lè lavi a soti nan nenpòt chèn, li retresi pou yon ti tan. Èske se vre?

79 Èske gen yon moun, isi a, ki janm touye yon sèf, oswa yon vach, oswa yon bagay konsa? Se sèten. Trè byen. Peze l aswè a, nou menm chasè yo isi a, zanmi m yo. Touye sèf la epi mete l sou balans lan, di ti mesye yo konbyen li peze. Fè atansyon! Nan demen maten li pral plizyè liv pi lejè pase sa l te ye a. Lè yon imen mouri, ponp finèb la, premye bagay la, li retire fo dan yo oswa yon je, kèlkeswa sa k gen la a, l ap retire l; paske, li retresi, l ap pouse soti paske kò imen an retresi. Tout lòt chè ap retresi. Lè lavi a soti nan selil la, li kòmanse diminye, retresi. L ap fè sa pou apeprè swasandouz èdtan. Epi li pral kòmanse anfle. Si yo arive kraze yon ti chen, isi a sou wout la. Kite l kouche la nan solèy la pandan twa jou, epi gade sa k te pase. Li se yon pi gwo chen ke li te janm ye. Li anfle. Èske se vre?

80 Ebyen, se menm bagay la k ap fèt lè yo chase yon—yon demon sou yon moun malad. Premye jou yo: “O, mwen santi m mèveye.” Apre sa li pral kòmanse di: “Mwen—mwen pi malad pase mwen—pase mwen te janm ye. Mwen pèdi gerizon m.” Jis osi sèten ke lafwa te retire l, enkredilite fè l retounen drèt ankò. Menm jan lafwa touye l, enkredilite resisite li. Jezi di: “Lè lespri enpi a soti nan yon nonm, l ale kote sèk yo epi li retounen laba a avèk sèt lòt demon.” E si bon moun nan kay la pa kanpe la pou pwoteje pòt sa, li va antre drèt. E bon moun lakay ou a se lafwa w. Di: “Rete lwen!” Se sa.

81 Men kounye a gade yon pasyan ki geri, òdinèman, amwenske se yon mirak eksepsyonèl. Anplis, gerizon Divin ak yon mirak se de bagay diferan. Gerizon divin, se yon bagay; yon mirak se yon lòt bagay. Men nan yon ka jeneral gerizon Divin, lè yo chase lespri enpi a, yon demon kansè, lè li kite moun lan: “O!” Bon, oswa annou di nou pral pran yon egzanp pou ou ka wè pi byen, mwen pral di, katarak la. Kisa k te rive lè nonm sa . . . Si w remake yon moun avèg. Mwen pa konnen si m te janm gen youn isi a oswa non, ankò, je ki gen katarak. Mwen kite yo kanpe pou kèk minit. Poukisa? Pou ke retresisman sa kòmanse pran plas. Mwen di yo pou yo retounen, ban nou yon temwayaj. “O la la!” Yo ka wè à mèveye. “O la la! Jis, mwen ka wè bagay yo! Wi! Mwen. . .” Ki pwoblèm? Lavi ale; kò katarak la ap retresi. Ebyen, l ap fèt fason sa pandan kèk jou. Ou di: “O, m santi m tèlman pi byen.”

82 Epi apre yon ti tan, yo kòmanse gen yon tèt fè mal, yo pa santi yo tèlman byen. Yo leve nan demen maten: “M ap pèdi vizyon m ankò.”

83 Kèk nan yo te di: “En en, ou jis eksite. Pakèt egzalte sa yo te fè w eksite.” Piga w kwè sa! Sa se yon manti dyab la. Si w kwè sa, ou va tounen avèg drèt ankò.

Men si w jis kenbe fèm, se pou w di: “Non. Seyè, mwen kwè.”

84 Alò kisa k rive? Kò sa gonfle pandan yon sèten tan. Li kouvri vizyon sa a ankò. Kansè sa nan kò a va gonfle. Ou pral vin ap

soufri epi gen doulè ankò. Alò ou va tonbe malad tèrib, malad tèrib. Poukisa? Gwo timè chè mouri sa nan ou a blayi la, mouri.

⁸⁵ Ou retounen, wè doktè a epi li di: “O, sa se istwa san sans. Men kansè a la menm. Mwen ka wè l.” Sèten, li la, men li mouri. Alelouya!

⁸⁶ Kounye a, san an dwe pirifye kò a. Chak fwa kè a bat, li voye san an nan tout kò a, epi li ranmase enfeksyon sa a. Se sèten, li pral fè w malad. E si w te gen yon moso vyann ki pandye nan ou yon kote, oswa long tankou yon koulèv, oswa yon gwo bagay tankou dwèt ou, epi l te pandye la, e li te mouri, kantite vyann mouri sa pandye nan ou, e l ap pouri? Ebyen, natirèlman, san w dwe kenbe sa pi, pandan l ap ponpe ladann. Men gen yon kò mouri, bagay la pandye la, paske lavi a pati kite l. Pwisans Bondye a, atravè lafwa, te mete l deyò. Li se yon demon; li dwe pati.

⁸⁷ Men, rezon an, moun yo pa ranseye. Yo pati, abandone. E menm demon sa kanpe la menm, pou rebran kontwòl ankò. Lè Bondye di w nenpòt bagay sou lestrad sa, atravè Lespri Li, lè sou enspirasyon, piga w doute de sa, oswa yon bagay pi mal ap vin sou ou, Li te di. Paske Jezi te di: “Dènye eta nonm sa a te sèt fwa pi mal pase l te ye anvan an.” Èske se vre? Lè lespri enpi a te soti nan yon nonm, li te mache pwomennen nan kote ki sèk, li retounen ak sèt lòt demon. Alò, piga w pa kwè. Rete dwat avè L. Se pou sa, soti nan kè w. Ou di: “Non, mesye! Mwen p ap bouje! Kèlkeswa jan m malad, sa pa gen anyen pou wè ak sa.” Alò, premye bagay ou konnen, ou va pòte w byen. Tout bagay pral kòrèk lè sa a. Ou wè, li mouri. Operasyon an—an ke doktè a tap fè pou l retire l nan ou, menm timè sa chita nan ou, san okenn lavi ladan l.

⁸⁸ Ou di: “Lavi ladan l, Frè Branham, èske l va pran lavi m?” Non, mesye. Lavi sa se yon vi separe de pa w la. M te jis montre w ke w se yon vi epi ou vin yon èt, e li se yon vi epi li vin yon èt; e ou vin de Bondye, e li vin de dyab la. Ou wè sa m vle di? Demonoloji. Kounye a, ou ta dwe wè kisa bagay sa sanble lè w kanpe epi gade l.

⁸⁹ O la la, ekskize m, li preske twazè edmi. Mwen regrèt. Gade, zanmi. O, sa mond sa a bezwen!

⁹⁰ Mwen fè apeprè sèt lane, ap anseye atravè Amerik la, ap gen sèvis gerizon sa yo. Mwen jis gen entansyon pou m retounen atravè peyi a, ap anseye Bib la, epi demonoloji, pou ke moun yo ka konprann sa pou yo fè. E se rezon sa a, yo al nan reyinyon sa yo, anpil fwa, epi, kanmarad . . . Si w pa konprann, moun yo vin la, e anpil fwa . . .

Kounye a, sonje kanmarad sa ki te vini pou di li te gen yon don gerizon Divin? Don gerizon Divin lan te nan ou si ou te geri. Se ou menm, sila a. Nenpòt don opere pa lafwa. E kèlkeswa kantite don gerizon Divin mwen te genyen, mwen kwè sa ak tout kè m, men ou ta ka kanpe isi a epi, si ou pa gen menm kalite

lafwa a, sa p ap itil ou anyen. Mwen te ka priye pou ou, pandan plizyè èdtan ak semèn ak mwa. Se pa predikatè yo ki gen gerizon Divin lan. Se oumenm ki gen don gerizon Divin lan, ki kwè nan gerizon w, paske se pa lafwa. Pa lafwa! Chak operasyon Bondye se pa lafwa.

⁹¹ Tout zam Bondye a se pa lafwa. Nou pa gen yon sèl bagay natirèl nan monn sa. Tout bagay yon—yon legliz Kreytèn se yon zak lafwa. Gade zam Bondye a: lanmou, lajwa, lapè, pasyans nan soufrans, bonte, dousè, jantiyès, pasyans. Eske se vre? Tout bagay sinatirèl, anyen natirèl. Kifè nou pa gade bagay natirèl yo, paske n ap opere nan sinatirèl. E sèl fason nou ka baze l, se lafwa, se sou sa Bondye di se te Laverite, e n ap gade Envizib la. E nou rele bagay sa yo ki pa la, kòm si yo te la; tankou Abraham te fè a, e li te resevwa l. Amèn! Abraham te rele bagay sa yo ki pat la, tankou Bondye te fè a, tankou si yo te la. Li te gen santan, li pa t doute pwomès Bondye a pa enkredilite.

⁹² Mwen ka jis imajine sa, pa ou? Wè Sarah ki leve yon maten. Bondye di: “Abraham!” Li di: “Abraham, ou pral gen bebe a.”

⁹³ Sarah leve kanpe. Li di: “Kijan w santi w, Sarah?” Sa a se yon foul moun melanje, men koute.

“Okenn diferans.”

⁹⁴ “Ebyen, glwa pou Bondye, nou pral genyen l! Al chache kouch yo ak zepeng yo, ak tout bagay. Pare tèt ou.”

Dakò, yon lòt mwa pase. “Sarah, kijan w santi w?”

“Okenn diferans.”

Yon lane te pase. “Sarah, kisa ki nouvo?”

“Okenn diferans.”

Dizan pase. “Okenn diferans.”

Vennsenkan pase. “Okenn diferans.”

⁹⁵ Abraham, olye pou l vin fèb, li te vin pi fò e pi fò. Li te konnen sa ta pral yon pi gran mirak plis sa te pran tan, paske li te kwè Bondye, e li pa t doute pwomès Bondye a pa enkredilite. Li di: “Nou pral genyen l!” E yon maten vant Sara kòmanse anfle, e ti Izzak te fèt, paske Abraham te kwè Bondye. Epi li te gade bagay yo, epi li te konte bagay sa yo ki pa t la kòm si yo te la.

⁹⁶ Se pa pa santiman yo, se pa pa sa ou wè. Ou pa mache pa santiman ni pa sa ou wè. Se pa lafwa. E lè Bondye pwononse yon bagay, Li di: “Kèlkeswa bagay ou mande, lè w priye, kwè ou resevwa l,” apre sa kenbe l. Se sa Bondye di, se konsa sa dwe ye! Amèn. Demon!

Lafwa nan Papa a, lafwa nan Pitit la,
Lafwa nan Sentespri a, twa nan Youn lan;
Demon yo pral tranble epi pechè yo reveye;
Lafwa nan Jewova va souke nenpòt bagay.

Se vre. O la la! Sètènman se sa. Gen lafwa nan Bondye. Gade Li. Piga w bouje. Rete drèt la. Se sa Bondye di!

⁹⁷ Epi, demon yo, kisa yo ye? Yo se èt esprityèl. Kounye a, doktè a—a di: “Ou gen kansè. Ou gen Tibèkiloz. Ou gen katarak. Ou gen plerezi. Ou gen *sesi*.” Se yon demon. Se yon vi, e dèyè vi sa gen yon espri. Konbyen moun ki konnen epi ki ka wè ke yon kansè, katarak, li gen—li gen . . . Se yon espri, ki gen—gen lavi ladan l. Ebyen, anyen pa ka gen lavi san lespri, ou wè, kifè dwe gen yon vi pou opere sa, yon kote.

⁹⁸ Menm pyebwa sa la gen lavi ladan l. Tout syans nan mond lan pa t ka fè yon sèl lam zèb. Èske w te konnen sa? Yo fè yon bagay sanble avè l, men yo pa ka jwenn fòmil lavi a. Sa se Bondye. Ou wè? Jezi te di pyebwa a: “Madichon pou ou. Ou pa gen okenn fwi, e ou p ap janm gen okenn.” Yo te pase la a ankò. Li te vè uitè jou maten sa. Yo te retounen pase vè onzè, antan yo ta pral dine. Pyè di: “Gade pyebwa sa, li mouri depi nan rasin.” Poukisa? Jezi te reprimande lavi ki te nan pyebwa sa, ki te nan rasin yo, e tout bagay la te mouri. Alelouya!

⁹⁹ Menm Kris sa ka reprimande yon kansè depi nan rasin yo, epi tout bagay la pral mouri. Pyebwa sa te kanpe la jis menm jan l te ye a, plizyè èdtan anvan, men ou jwenn fèy yo kòmanse tonbe, epi apre sa ekòs la kòmanse dekale. E la . . . Li te kòmanse degrade, jou apre jou, e semèn apre semèn, e apre yon ti tan pa t menm gen yon tikras nan pyebwa sa ki te rete. Alelouya! Kansè, timè, katarak, oswa nenpòt lòt bagay, yo dwe ale lè Kris va pale. Li chase demon yo. Epi Li di: “Nan Non Mwen yo va chase demon, pale ak nouvo lang, pran sèpan, oswa bwè bagay mòtèl, sa p ap fè yo mal. Si yo poze men sou malad yo, yo va geri.”

¹⁰⁰ Ou renmen L? Mwen regrèt mwen te fè nou chita isi a pandan inèdtan isi a apremidi a. Ou renmen Seyè a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Èditè a.] Kisa k pral rive kounye a? Si w aksepte Kris kòm gerisè w, epi w kwè nan kè w ke yon bagay te rive w, e ou kwè ou geri, èske ou pral kwè ke ou geri? Pa kite dyab la tache anyen lòt sou nou. Jis kontinye.

“Doktè,” di—di, “doktè, kijan sa parèt?”

Li di: “Franchman, li toujou la.”

¹⁰¹ Nan kè w ou konnen, ou konnen sa k te pase. Huh! Premye bagay ou konnen, li va di: “Ann di, mande m kisa k te rive bagay sa?”

¹⁰² Apre sa di: “Gade, doktè, m pral di w. Men sa k te pase, Jezikri te geri m. Se vre. Jezikri te geri m.”

¹⁰³ Dakò, annou koube tèt nou jis yon moman. Frè Willett, èske w ta vle vin isi a jis yon minit, frè?

¹⁰⁴ Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, nou gen rekonesans pou San Kris la. E petèt pafwa ke sèvitè Ou, Seyè, pa sèvi ak sajès, nan pale tèlman lontan. Men m petèt santi m tankou Pòl, ki te

preche tout lannwit yon jou swa. Yon ti bonnonm te tonbe nan fenèt la epi l te mouri. E apot sa, avèk Pawòl Bondye a nan lavi l, t ale epi l te poze kò l sou ti gason an, lavi antre nan li e li te viv ankò.

¹⁰⁵ Chè Bondye, mwen reyalize ke solèy kouche gran sivilizasyon sa a ap kouche kounye a, li fin pase, mitan jounen an ale, lonbraj aswè yo ap tonbe. Yon gran Limyè jayi soti nan Wayòm Bondye a, pou pran plas li nan gwo fènwa sa k ap vini sou tè a. Bondye, mwen reyalize m ap vin pi granmoun chak jou. Kite m ale, Seyè. Ban m fòs. Ede m di gran Verite sa toupatou. Ede nou, demen apre midi, pou ke nou va konprann plis.

¹⁰⁶ E, chè Bondye, beni ti oditwa sa apremidi a. Aswè a, lè yo rasanble pou sèvis gerizon an, ke chak gason ak chak fanm vin jwenn youn lòt epi al pale, epi di: “Kounye a, men . . . pa—pa gen okenn dout ankò. Nou konprann ki kote sa soti kounye a. Nou konnen se yon demon. E nou konnen lè l pati, li dwe pliye anba kòmandman Bondye. Li oblije. Bondye te fin di sa. Li dwe pati.” Alò, ke yo soti, kontan, ap rejwi, ap reklame gerizon yo. Anyen, pa kite anyen kanpe nan chimen yo, ankò; jis ale, kwè.

¹⁰⁷ E, Bondye, ke ti legliz sa isi a, ak legliz k ap kolabore sa yo, gen yon revèy apre reyinyon sa a, Seyè, ki pral jis ranpli l, e plizyè santèn nanm va mennen nan Wayòm Bondye a. Akòde l, Papa. Ke gason ak fanm isi a, ki soti atravè nasyon yo ak lòt kote, ke yo fè Mesaj la tounen nan legliz yo, e ke yo gen yon revèy ansyen mòd. Akòde l, Seyè. Padonnen nou peche nou yo kounye a. Ede nou vin sèvitè W. Nan Non Jezikri. Amèn.

¹⁰⁸ M ap mande m, pandan nou chita isi a, èske gen yon pechè nan bilding lan jodi a, ki ta remnen di: “Frè Branham, sonje m nan lapriyè?” Èske w vle, èske w vle leve men w? Èske gen yon moun ki pechè? Mwen pa . . . Bondye beni w, madam. Èske gen? Bondye beni w, mesye. Ou menm, epi oumenm, epi ou menm, Bondye beni w. Mwen mande m si ou . . . Kounye a, sa se pou ou.

¹⁰⁹ Ou wè, mwen pa kwè nou dwe ale nan oditwa a. Mwen pa kritike lòt moun ki fè l. Mwen pa kwè nan ale nan oditwa a epi eseye rale yon moun. Ou wè? “Pèsonn pa ka vini, eksepte Papa a Ki te atire li.” Ou wè? Se vre. Ou jis rale l la kont volonte l. Ou wè? Men si Bondye frape nan kè w, ou se pi gran moun privejye nan mond lan. Ou jis pa konnen ak konbyen moun mwen te pale.



53-0608A Demonoloji, Domèn Fizik
Anfiteyat Roberts Park
Connersville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org